**Pou Piblikasyon Imedya:** 15/07/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REZILTA KANPAY APLIKASYON LWA SIKILASYON PANDAN FÈT 4 JIYÈ A

***Fòs lòd Eta ak lokal yo te emèt plis pase 37,000 kontravansyon soti 3 jiyè rive 7 jiyè***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse rezilta kanpay aplikasyon lwa sikilasyon pandan fèt 4 Jiyè a. Fòs lòd Eta ak lokal yo te emèt plis pase 37,000 kontravansyon pandan kanpay aplikasyon lwa pandan Fèt Kat Jiyè a. Patwouy adisyonèl nan wikenn fèt la te viz emoun ki kondui ensousyan ak agresif ak enkli pòs kontwòl pou moun ki kondwi anba enfliyans. Se Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) ki te finanse kanpay kontwòl sa a ki te dewoule soti 6 p.m. 3 jiyè jiska minwi nan 7 jiyè.

"Kenbe Nouyòkè yo san danje te pi gwo priyorite mwen depi lè mwen antre an fonksyon, epi sa gen ladan kenbe chofè ensousyan ak agresif yo lwen wout yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan yon moman kote zanmi ak fanmi yo rasanble ansanm, nou pral kontinye travay sere ak lapolis epi asire Nouyòkè yo ka selebre san danje."

**Komisè Depatman Veyikil ak Motè Eta New York (New York State Department of Motor Vehicles) la, Mark J.F. Schroeder, te deklare,** "Nou fyè de travay ki fèt pa patnè lapolis nou yo pou kenbe otwout nou yo an sekirite pandan peryòd vwayaj okipe sa a. Malgre kanpay sa a fini, otomobilis yo ta dwe konnen lapolis ap toujou fè respekte lwa sikilasyon yo ak tout fòs epi chofè yo ta dwe suiv pratik pou kondwi san danje pandan tout ane a."

Fòs lòd Eta ak lokal yo te emèt 37,899 kontravansyon. Yon total 1,227 moun yo te akize paske yo kondwi panda sou enfliyans alkòl oubyen dwòg

Ane pase a, fòs lòd yo te bay 35,104 kontravansyon nan tout eta a pandan peryòd aplikasyon lwa 4 jiyè a.

Ane sa a, lapolis eta a te arete 251 moun pou akizasyon sou pandan y ap kondwi epiyo te bay yon total 12,700 kontravansyon pou lòt akizasyon yo. Repatisyon an gen ladan:

4,248 pou vitès, 1,315 pou moun ki pa mete yon senti sekirite, 360 pou kondwit distrè, ak 219 pou pa respekte "Lwa Mete w Akote" a.

**Sirentandan Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare,** "Retire chofè ensousyan yo sou wout la se yon priyorite pou twoup yo chak jou, epi pi plis toujou pandan peryòd fèt kote selebrasyon yo ka gen ladan alkòl. Mesaj nou an senp – si ou kondwi ak kapasite afebli, nou pral arete ou. Fè sekirite priyorite ou ak planifye davans pou jwenn yon woulib ki an sekirite pou menen w lakay ou."

Lòt ajans fòs lòd yo te patisipe tou nan kanpay la, ki founi 24,729 tikè pou enfraksyon sòti nan kondwit ki gen pwoblèm rive nan eksè vitès.

Men yon repatison kontravansyon lòt ajans te bay pandan kanpay aplikasyon lwa:

| **Tip lwa** | **Kontravansyon yo bay** |
|---|---|
| Alkòl/Dwòg | 1,227 |
| Kondi Distrè | 1,253 |
| Vyolasyon Lwa Mete w Akote a | 441 |
| Senti Sekirite | 2,905 |
| Eksè Vitès | 9,316 |
| Lòt Vyolasyon | 22,757 |
| Total | 37,899 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU